

ABSTRAK SUNDA

Seftianty, Nuryenty. 2018. Studi Kaleuyaan sarta Rupa-rupa Plankton di Muara Walungan Mangrove di Wewengkon Karangsong Kabupaten Indramayu Minangka ajareun Biologi. Diaping ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. salaku pangaping I sarta Fitri Aryanti, S.T., M.Pd. salaku pangaping II.

Tujuan panalungtikan ieu pikeun meunangkeun data ngeunaan kaleuyaan sarta rupa-rupa Plankton di Walungan Muara Mangrove di Wewengkon Karangsong Kabupaten Indramayu. Panalungtikan dilaksanakeun dina kaping 21 dugi 22 April 2018. Panalungtikan ieu ngagunakeun padika deskriptif. Desain panalungtikan ieu ngagunakeun padika nyuplik kalawan ngagunakeun “net plankton”. Ngabantun conto dilaksanakeun dina 3 stasion di muara walungan. Dina sewang-sewang tempat aya tilu titik lokasi, sarta dina sewang-sewang titik dipigawe tilu kali nyuplik. ngaidentifikasi conto dipigawe di Laboratorium Biologi, FKIP Universitas Pasundan Bandung. Data panunjang anu diukur atawa faktor klimatik ngawengku suhu cai, intensitas cahaya, kacerahan, salinitas, “Dissolved Oxygen (DO)”, pH, sarta zat organik anu larut. Data panunjang dikokolakeun kalawan “Regresi Linier Berganda” dina program SPSS kanggo mikanyaho kaitan faktor klimatik kana kaleuyaan sarta rupa-rupa plankton. hasil panalungtikan nunjukkeun yen kaleuyaan fitoplankton ngagaduhan kisaran antawis 955.600-1.586.800 ind/l sarta kaleuyaan zooplankton kisaranna antawis 877.200-1.966.000 ind/l. Komposisi rupa-rupa fitoplankton nyaeta 15 spesies anu kaasup kana 4 kelas nyaeta “Bacillariophyceae” (9 spesies), “Chlorophyceae” (1 spesies), “Coscinodiscophyceae” (2 spesies), sarta “Dinophyceae” (3 spesies). Sedengkeun komposisi rupa-rupa zooplankton nyaeta 7 spesies anu kaasup kana 2 kelas nyaeta “Ciliata” (2 spesies) sarta “Crustaceae” (5 spesies). Rata-rata nilai Indeks rupa-rupa (H') fitoplankton nyaeta 2,296 sarta rata-rata nilai indeks rupa-rupa zooplankton nyaeta 1,417, nembongkeun yen rupa-rupa Plankton di Muara Walungan Mangrove di Wewengkon Karangsong Kabupaten Indramayu kaasup kana kategori sedeng.

Kecap Konci : Kaleuyaan, Rupa-rupa, Plankton